



TEATER 10 SMAN 8 NGAYOGYAKARTA
Nggelar Ruwatan Tambak Kaligawe

SAKABEHE tumindak culika lan angkara mes-
 thi bakal kalah dening bebener adhedhasar pa-
 srahing kawula marang gusti kang murbeng duma-
 di. Wong kang nduweni panguwasa ora kena tumind-
 dak sawiyah-wiyah marang wong cilik jalaran
 mengkene mesthi bakal ana piwales kang tundhone
 bisa gawe kapitunan.

Mangkono cuplikan piwulang kang bisa dipethik
 saka pagelaran teater *Ruwatan Tambak Kaligawe*
 ing Pentas Tayub Agung Budaya Adiluhung dening
 Teater 10 SMAN 8 Ngayogyakarta, Sabtu (21/2) ma-
 pan ana Gedung Pertunjukan Seni Tejkusumo 1
 Kampus FBS Universitas Negeri Yogyakarta. *Ruwatan Tambak Kaligawe* njupuk crita kang du-
 madi ing Tanah Jawa, kang digambarake Juragan
 Angka minangka panguwasa kang *adigang adi-
 gung adiguna* ing kukubane. Tundhone sakabehing
 tumindak kang ora becik gawe sengsarane wong ci-
 lik kang njalari ora narimakake kahanan, tuwuh

paraga kang mbelani bebener banjur mbrontak
 marang panguwasa kang tumindake nalisir mau.

Pagelaran teater katindakake dening guru, siswa
 lan alumni. Kabeh iku nuduhake antarane guru lan
 siswa bisa bebarengan *mrantasi gawe* saiyeg saeka
 kapti. Ing kalodhangan iku Walikota Ngayogya-
 karta H. Herry Zudianto SE Akt paring pamuji
 lumantar Kepala Dinas Pendidikan Ngayogyakarta
 Drs. H. Syamsury, MM, nelakake pangalembana
 lan panyengkuyunge kagawa rasa mongkog mligi-
 ne marang siswa kang gelem ngangkat crita tra-
 dhisi kanthi busana Jawa kang ana panganggep wis
 kuna. Kepala Sekolah SMA Negeri 8 Ngayogya-
 karta Drs. H. Maryana, MM kang dadi paraga
 Juragan Angka, rumangsa mongkog lan bombong
 bisa melu nguri-uri lan nglustarekake budaya Jawa
 kang adiluhung.

"Apamaneh digelar ndalem rerangken lustrum
 SMA Negeri 8 Ngayogyakarta kaping VII,
 nduweni makna kang gedhe tumraping masara-
 kat," mangkono ngendikane.

(Sumarjiono SPd,
 Guru SMA Negeri 8 Yogyakarta)-s



KR-SUMARJIONO
*Salah sijine adegan pagelaran Ruwatan
 Tambak Kaligawe.*

Instansi	Nilai Berita	Sifat	Tindak Lanjut
1. Bagian Humas dan Informasi	Positif	Biasa	Untuk Diketahui
2. Dinas Pendidikan			

Yogyakarta, 19 Januari 2025
 Kepala

Ig. Trihastono, S.Sos. MM
 NIP. 19690723 199603 1 005